*Қарақалпақстан Республикасы*

*Мәлимлеме – китапхана орайы*



# *«Халық шайырынан өрнек алған қыссахан»*

## *Халийла Дәўлетназаровтың*

**(биобиблиографиясы)**

*Нөкис - 2018 жыл*

# *Кирисиў*

Әлбетте, ел-халық,Ўатан дәртин жырламаған шайыр жоқ шығар? Бирақ, хәр шайырдың өз айтар сөзи өз жолы бар. Халийла Дәўлетназаровтың да қосық дүньясында өзиниң хаўазы, өзиниң жолы бар. Халийла Дәўлетназаров өзиниң шайырлық жолын жетписинши жылларда баслады хәм 80- ши жыллардың орталарында белгили бир хаўазға ийе танымалы шайыр болды. Оның «Хат», «Сен маған керексең»,деп аталатуғын дәслепки топламлары шайырлықтың туңғыш соқпақлары болса да, оларда өткир сөздиң ушқынлары шашырап,жыллы сезимлердиң леби сезилип турар еди. Шайырдың кейинги жыллары шыққан «Ашық болмаған ким бар», «Хош қал жаслығым», «Дос болыў хәммениң қолынан келмес» топламлары оқыўшы журтшылықтың сүйикли шығармалары болды, халық арасына кеңнен танылды.Бул китаплардың Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлыққа усынылыўыда тосыннан емес. Халийла Дәўлетназаровтың қосықларының тематикасы көп түрли. Онда әдеп – икрамлылықтан баслап ышқы- мухаббат темасына дейин сөз болады. Оның шығармаларын оқып қарағанда, оның баслы жыры халық тәғдири, ел тәғдири, Ўатан тәғдири екенин көресең.80 ши жыллардың ақыры 90 жыллардың басында Өзбекстан хәм Қарақалпақстан бир туўысқан болып бирлесип, өз алдына шаңырақ көтериў ушын, келешек әўладқа азат хәм абат Ўатан қалдырыў ушын гүреске түсти. Халийла Дәўлетназаровтың ел тәғдири туўралы жалынлы қосықларының көпшилиги тап усы абыржы жыллары шықты. Оның «Қарақалпақстан», «Ғайры журтлардағы қарақалпақлар», «Қарақалпақлардың қара қалпағы» қосықлары елдиң бирлигин билиўге, елдиң ерлигин таныўға жәрдем еткендей сезиледи. Халийла Дәўлетназаров халықтың өтмиш тарийхын, оның бүгинин келешегин бир деп билген шайыр.Халық өзлигин өтмиши арқалы таныйды, келешекке умтылыў арқалы раўажланады. Халийла Дәўлетназаровтың ашықлық қосықлары өз алдына бир төбе.

Жаслық көшелери қызыллы-жасыл,

Умит жипеклери ҳасылдан –ҳасыл,

Мухаббат пасылындай жоқ шығар пасыл

Бул бостанда сайран етпеген ким бар?

Шынында да ашық болмаған ким бар? Мухаббат қосығын айытпаған ким бар? «Онық сен маған сүйемен деп единң…», «Мухаббат сен маған келгейсең», «Көзлериң кийиктиң көзлерине мегзер», «Егер еслей алсаң» тағы басқа қосықлары адамдағы ең гөззал, ең ҳасыл сезимлердиң бири болған мухаббатты көркем сөзлер кестеси менен береди. Оның «Насрый қосықлары» буның дәлийли. Проза менен қосық жазыўдүнья әдебиятында бар дәстүр. Бирақ бизиң әдебиятымызда кемнен кем ушырасады. Халийла Дәўлетназаров насрый (проза) сөзлер менен тереӊ ҳәм нәзик лирикалық сезимлерди бериўге болатуғынлығын көрсетти.XX әсирдиң соңғы 30 жыллығында қарақалпақ әдебиятында жаңа лирик форма есапланған насырый қосықлар пайда болды. Насырый қосық жазылыў формасы бойынша насыр, ал мазмуны бойынша лирика, эмоционаллық сезимталлығы басым, поэтикалық сөз маржанларын өзинде жәмлестире билген, ритмликке ийе көркем форма.Қарақалпақ әдебиятындағы насырый қосықлар тийкарынан шайыр Халила Дәўлетназаровтың аты менен байланыслы. Себеби, ол насырый қосық формасының кәмил устасы болып жетилисти. Шайыр өзиниң дөретиўшилигинде қарақалпақ насырый (эпифания) қосықларының көркемлик дәрежесин арттырыў ушын шайырлық талантын иске қосты. Шайырдың “Өмир”,“Көзлер” ,“Мухаббат қайғы”, “Мүрәжатнама”, “Бахыт қусы” ҳәм т. б. насырый қосықлары жоқары көркемликке ийе. Оның усындай шығармалар енгизилген “Әлўидағ мухаббат, әлўидағ!”, “Хош қал, жаслығым” атамасындағы насырый қосықлардың топламы жарық көрди. Насырый қосық қара сөз бенен жазылатуғын болғанлықтан оны дөретиў әпиўайыдай туйылады. Бирақ бул форма шайырдан үлкен шеберликти талап етеди. Себеби, қара сөз көбинше эпика жанрына мас түседи.Ол эпикалық баянлаўға бейим. Соның ушын да шайыр Абдулла Ариповтың “мазмунда -өмир, формада-искусство болсын”(1) деген пикири насырый қосықларға да толық тийисли.Халийла Дәўлетназаровтың ғәрезсизлик жылларындағы шайыршылық келбети менен оның лирик қаҳарманларының ишки дүньясының рууҳыйлық сыпатлары, олардың дәўирге белгили дәрежеде сәйкеслиги, қулласы, сөз шебери поэзиясының сырлары көз алдыңызға келеди. Шайыр ең алды менен өз журтын, өз ел халқын-Республикасын жырлайды.Сол ушын да оның мынадай қатарлары ғәрезсизликке пидайылық пенен Ўатан сүйгишлик, патриотизмниң айқын тымсалы:

Биз уллы жаўынгер халықтың урпағы,

Есейген көркейген әрманы –бағы,
Әйне жаслық, әйне наўқыран шағың,
Шадлықта сайранла, Қарақалпақстан!
Бахыт бостанымыз- ойы ҳәм қырың,
Бардур Ана меҳри, илаҳий нурың,
Қәдем нық, шағласын еркинлик жырың,
Қалмағыл әрмана, Қарақалпақстан!

Әлбетте, бул көтериңки руўх еркинлик пенен ғәрезсизликтиң епкини менен дөреген десек, шайыр олар менен шекленбей, өз лирик қаҳарманларының келешек әрманларын тағы да раўажландырыўды мақсет етеди, тағы да кеңирек еркинлик ҳаққындағы ойларын сәўлендиреди. Бир сөз бенен айтқанда ,Халийла Дәўлетназаров өзиниң барлық шығармалары менен ғәрезсизлик жылларында жоқары патриотизм менен гуманизмди жырлады, ҳақыйқатшыллық пенен суўғарылған лирик қаҳарман жүрегин терең ашатуғын мәртликке толы поэзия дөретти, туўған жердиң топырағы менен қәдир-қымбатын, мухаббатты қәстерлеўши поэмалар жазды. Усылар арқалы шайыр бизиң заманымыздың танылған сөз устасы болып танылды десек арзыйды.

## Халийла Дәўлетназаровтың

## өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети

Шайыр Халийла Дәўлетназаров бүгинги күни халқымыздың ең сүйикли шайырларының бирине айланды. 1952-жылы 10 февральда Кегейли районының «Халқабад» аўылында дийхан хожалығында дүньяға келди. Ол Халқабад аўылындағы 25-санлы орта мектепти 1969 жылы табыслы тамамлады. Соң ол Нөкистеги көркем өнер училищесинде оқыды.Әскерий хызметте де болып қайытты. 1977-жылы ол «Қарақалпақстан жаслары»газетасына әдебий хызметкер болып жумысқа алынады. Бирнеше жылдан соң Қарақалпақстан телерадиокомпаниясына редактор, бөлим баслығы соң, «Қарақалпақстан» баспасында редактор, 1996-жыл 10 февральдан «Еркин Қарақалпақстан» газетасының бас редакторының орынбасары лаўазымында табыслы ислеген. 1979-1985-жыллар аралығында Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң филология факультетиниң студенти болды.Ол Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан журналистлер аўқамының ағзасы.Үш ул ҳәм үш қызды өсирип, тарбиялап, ақлықлары ҳәм өмирлик жолдасы менен бирге бахытлы турмыс қурып жасап атырған ата. Ол журтшылығымызға бир неше поэзиялық топламларды саўға етти. Сондай-ақ, оның Аббаз, Садық шайырлардың жолын даўам етиўши қыссаханлығы да айырықша ҳүрмет пенен тилге алынады. Халийла Дәўлетназаров поэзиясы өзиниң сезимталлығы, расгөйлиги ҳәм әпиўайылығы менен дараланып турады.Ол не ҳаққында сөз етсе де, жақсы ислерге сүйинип, намақулшылықларға күйинип шын кеўилден айтады.Поэзиясының илҳамлы қыл қәлеми менен рәң -бәрең сүўретлер салыўға ериседи. Халийла Дәўлетназаров қарақалпақ әдебияты, мәденияты көркем өнериниң раўажланыўына өз үлесин қосып киятырған, шайыршылық пенен қоса қыссаханлық жағынан да көзге түсип киятырған инсанлардың бири болып табылады. Насырый қосықларынан 10 нан артық китаплар, 8 поэма, 100 ден артық эпифаниялар (насырый қосықлар), 200 ден артық публицистик мақалалары басып шығылды. Олардан, «Хат» (1980), «Сен маған керексең» (1986), «Сен жақсы қызсаң» (1988), «Ашық болмаған ким бар» (1991), «Хош бол жаслығым» (1993), «Әлўидағ мухаббат, әлўидағ» (1993), «Дос болыў ҳәммениң қолынан келе бермейди» (1994), «Ашық болып жасаң» (2011), поэзиялық китаплары ҳәмде “Ҳасирет хәўири” (1985), “Тынышлық ҳаққында сөз” (1986), “Анама хат” (1987), “Әлўидағ мухаббат, хош бол жаслығым” (насырый) (1993), “Зийўарий шежире” (1995) ҳәм (2016) “Батырлық баязы” поэмалари. 1997 жылда “Өзбекистан Республикасында хызмет көрсеткен журналист”атағын алды. 2015- жылы «Қарақалпақстан Республикасы халқ шайыры» атағын алды. Мийнет стажы 40 жыл.

«Амударья» журналы 2017-жылда Грант есебинен жас китап оқыўшылар ушын латын ҳәм кирилл “Китаплар—досларым мениң” сериясында 2-атамада китапларды баспадан басып шықты.  Халийла Дәўлетназаров 2000- жылы Ташкент қаласындағы Қарақалпақстан Республикасы әдебияты ҳәм мәденияты күнлерине қатнасып, оқыў орнында, кәрханаларында, ушырасыўларда қысса жолында қосықлар оқыды.Қоңсылас Хорезм ўәлаятында Қарақалпақстан мәденияты күнлеринде қатнасып, Гүрлен, Хийўа қалаларында  болды ҳәм дослықты жырлаўшы темасында публистикалық мақалалар жәриялады. Сурхандәрья ўәлаятының Термиз қаласында болып өткен «Алпамыс» дәстанының 1000 жыллығына бағышланған ақын шайыр бақсылардың халықаралық таңлаўында қатнасып, төрешилер тәрепинен ылайықлы баҳаланды. Сурхандәрьяда «Байсын бәҳәри» фестивалына қатнасыўшы қарақалпақстанлы бақсы –жыраўларға басшылық етип барды ҳәм өзин қыссахан сыпатында көрсетип қайтты.1995-жылы Алматы қаласында болып өткен түрк халықларының жер жүзилик музыка симпозиумында қыссахан сыпатында қатнасып қайтты.Шайырдың қосықлары «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасында, Өзбекистан баспа сөзлеринде «Шарқ юлдузи», «Ёшлик» журналларында жарық көрген. Қазақстанның «Дана» журналында бир дүрким қосықлары басылған.

Ақ қағазлар зәрүр қәлемге,
Ай менен күн зәрүр әлемге,
Ғәрип  ашық зар,  Шаҳсәнемге,-
Сен маған керексең…

Жүрегимниң қуяшы-көзиң,
Исмиң болды тек, айтар сөзим,
Жойтпаў ушын өзимди өзим,
Сен маған керексең  …

Гөззаллықты таныўым ушын,
Қосық пенен қалыўым ушын,
Өшип қалмай жаныўым ушын
Сен маған керексең …

Қарақалпақстан телевидениесинде ҳәм радиосы архивинде (Алтын фондында)Халийла Дәўлетназаровтан жазып алынған бир неше саатлық еситтириў, көрсетиў ҳәм қысса қосықлары сақланған. Ол республикалық, қалалық «Сен жалғызсаң, сен муқаддессең, Ўатан», Зульфия атындағы мәмлекетлик, «Ниҳол» жас атқарыўшыларының, Аймыхан Шамуратова, Даўытбай Қайыпов, Замира Хожаназарова атындағы республикалық таңлаўларда төрешилер топары белсендилериниң бири. Бир неше онлаған шайыр, журналист, жас атқарыўшы бақсы –жыраўлардың жақын мәсләҳәтшиси, жол көрсетиўшиси, устазы. Халқымыздың сүйикли шайыры, қыссахан, журналист Халийла Дәўлетназаровтың әдебий дөретиўшилигине еле де үлкен табыслар тилеп, оның қарақалпақ көркем өнери мәденияты жолында ислеген хызметлери ушында үлкен миннедаршылық билдиргимиз келеди. Себеби Халийла Дәўлетназаровтың ислеген хызметлери халқымыз ушын да, жаслар ушын да өрнек болыўы сөзсиз.Бүгүнги күнде 20 дан артық шәкиртлери республиканың мәдeнният ҳәм санъат тараўында мийнет көрсетип атыр.Олардан Б. Каримова, М. Сапаева, М. Утемуратов,Д. Мамбетмуратов, С. Аннакулова, Б. Жуматаев ва басқада қосықшылар оның Ўатан,Ғәрезсизлик, дослық ҳаққында 100 ден артық қосықшыларын намасына келтирип қосық қылып айтып жүрипти. Шайыр қәлеминен дөреген шығармалары кәсиб-хунар коллежлери ҳәм академик лицейлериниң сабақлықларына киритилген. Халийла Дәўлетназаров Наўрыз ҳәм Ғәрезсизлик байрамлары мунәсебети менен нураныйларға, мийинет ветеранларына, жәрдемге мутәж жалғыз кекселерге жетим балаларға ғамқорлық көрсетип келмекте.

**Библиографик дизим:**

1. Кирисиў
2. Халийла Дәўлетназаровтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети
3. Халийла Дәўлетназаровтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер
4. Халийла Дәўлетназаровтың қосықларына жазылған намалар
5. Халийла Дәўлетназаровтың алған атақ ҳәм сыйлықлары
6. Халийла Дәўлетназаровтың шығармалары қарақалпақ тилинде
7. Халийла Дәўлетназаровтың шығармалары ўзбек тилинде
8. Халийла Дәўлетназаров ҳәм шығармалары ҳаққында

## *Халийла Дәўлетназаровтың қосықларына жазылған намалар*

1. Жаслығым, сен мени таслап барасаң…Нурназар Қәллибеков намасы.
2. Дым сулыў-аў сениң күлгениң… Зийўатдин Лепесов намасы.
3. Сени излеп келермен еле… Шарападинов намасы.
4. Суўға барған қыз.. Марат Қурбанбаев намасы
5. Қызыл қум. Нәжимаддин Муҳаммединов намасы.
6. Көзлериңди унаттым сениң…Қурбанбай Зәретдинов намасы.
7. Он сегиз жас. Қәдирбай Ҳилалов намасы.
8. Бәҳәр ҳәм сен . Мақсет Дошбаев намасы
9. Егер, еслей алсаң мени еслеп жүр?!Қәдирбай Ҳилалов намасы.
10. Сен маған керексең!.. Турсынбай Жолдасов намасы.
11. Туўылған күн. Орынбай Мәмешов намасы.
12. Сени ойламаған гезим жоқ …Зийўатдин Лепесов намасы
13. Қызларға. Нурназар Қәллибеков намасы
14. Қарақалпақстан. Әбдирейим Султанов намасы.
15. Сен бәҳәрге, гүлге мегзерсең…Ғанибай Аманиязов намасы.

16.Қарындасларыма. Кәдирбай Ҳилалов намасы

17.Бийтаныс қыз. Зийўатдин Лепесов намасы.

18.Мухаббат толғанысы. Қурбанбай Зәретдинов намасы.

19.Наз ҳәйкелин таққан жанан көринди. Ғанибай Аманиязов намасы.

20. Ашық болмаған ким бар?.. Зийўатдин Лепесов намасы.

## *Халийла Дәўлетназаровтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер*

*1.* 1952-жылы 10 февральда Кегейли районының «Халқабад» аўылында дийхан хожалығында дүньяға келди.

*2.*Халқабад аўылындағы 25-санлы орта мектепти 1969 жылы табыслы тамамлады.

*3.*1977-жылы ол «Қарақалпақстан жаслары»газетасына әдебий хызметкер болып жумысқа алынады.

4.1983-1988 жылы Қарақалпақстан Республикасы телерадиокомпаниясында телередактор, аға редактор, радиода музыка булиминиң баслығы.

***5.***1979-1985-жыллар аралығында Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң филология факультетиниң студенти болды.

6.1988-1995 жыллары «Қарақалпақстан» баспасында редактор.

7.1995-1996 жыллыр аралығында Қарақалпақстан Республикасы телерадиокомпаниясында болим баслығы.

***8.***1996-2009жыллары «Еркин Қарақалпақстан» газетасының бас редакторының орынбасары лаўазымында табыслы ислеген.

9.2009- жылдан Ҳәзирге шекем «Әмударья» журналының бас редактор лаўазымында ислеп келатыр.

Қыссахан жолы- радио, телевидененің алтын фонтында бир қанша шығармалары бар.

Эфифанпритары- жүзге жақын

Қосықларына жазылған намалар- жүзден артық

Публицистикалары-күнделикли баспада бир неше.

## *Халийла Дәўлетназаровтың алған атақ ҳәм сыйлықлары*

1. 1997 жылда "Өзбекистан Республикасында хызмет көрсеткен журналист"атағын алды.

2. 2015- жылы «Қарақалпақстан Республикасы халқ шайыры» атағын алды.

## *Халийла Дәўлетназаровтың шығармалары қарақалпақ тилинде*

1972

1. Ойларым сен ҳаққында:[қосық] // Әмиўдәрья. - 1972. -№7.- Б.79-80.

1976

2. Музалар мениң мухаббатым, қулшылар қиялларым: [қосықлар] // Әмиўдәрья. - 1976. -№12.- Б.85-86.

1977

3. Адамның кеўили; Жадырап тур ана тәбият; Дәрўазшы: [қосықлар] // Әмиўдәрья. - 1977. -№11.- Б.69.

4. Тек те мениң сөйлер жүрегим; Баха ҳәм сен; Қызғаныш; Сен яр, қайтып кел:[қосықлар] // Әмиўдәрья. - 1977. -№4.- Б. 66.

1980

**5.** Хат: (Қосықлар),- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980.-50 б.

1984

**6.** Қанатлы хаўаз: [қосық] // Қарақалпақстан. - 1984. – 21 авг.

1985

**7.** Қол орамал; Ўақыт; [қосықлар] // Әмиўдәрья. - 1985. -№11.- Б.76-77.

1986

8. Сен маған кереexcept: (қосықлар),- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.-51 б.

1988

9. Ҳәсирети ҳәўири: [поэма] // Әмиўдәрья. - 1988. -№2.- Б.47-50.

1989

10. Сен жақсы қызсаң: Қосықлар ҳәм поэмалар,- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989.-80 б.

1991

11. Ашық болмаған ким бар?: Қосықлар ҳәм поэмалар,- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1991.-96 б.

1992

12. Қарақалпақ баязы: [қосық]// Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 3 окт.

1993

13. Әлўидаға мухаббат, әлўидаға!..: насрый поэма, насрый қосықлар, намалы қосықлар.-Нөкис: Арал журналы, 1993.-152 б.

14. Елliққала тойың мүбәрек болсын!.: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 1993. – 7 дек.

15. Ҳәзирети дийқан тәрийпи: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 1993. – 9 нояб.

1994

16. Дос болыў ҳәмменің қолынан келмес..: Қосықлар, поэма.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994.-124 б.

17. Дүнья салтанат дүздирген сизлер!: [қосық 8-март] // Еркин Қарақалпақстан. - 1994. – 6 март.

18. Мениң байрағым!..:[қосық] (Сүренлер ҳаққынды сүрен): [Қарақалпақстанымыздың бирден бир мәмлекетлик нышанлары-конститутциямыз, гимнимиз, гербимиз ҳәм байрағымыздың қабыл алыныўындай ислерге белсене қатнасқан елимиз перзентлерине арнайман] - // Еркин Қарақалпақстан. -1994. – 9 апр.

1995

19. Бизди, шайыр емес-әрман деп билиң!..:Үйренбегенимди, енди үйрендим!; Бу халық үшын!..: (шайыр Ибрайым аға Юсуповқа) “Жетинши дүркин”де баратыр,бир қыз!;Қарақалпақта сондай болсын, қыз болса!: (композитор Абадан апа Сапароваға ) ; Мен жанып болдым…; Сениң менен кететуғын жерим жоқ…; Бизди, шайыр емес-әрман деп билиң!..: [қосықлар] //Қарақалпақстан жаслары.-1995.-6 июнь

20. Зийўарий шежире: [үзинди] // Еркин Қарақалпақстан. - 1995. – 21 янв. //Қарақалпақстан жаслары.-1995.-30 март.

21. Тәнимиз ишинде бир шийрин жан бол: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. -1995. – 21 окт.

22. Шайырман деп айтыў оғада қыйын..; Қарақалпақлардың қара қалпағы!.; Қолыңыздан келсе ашық боп жасаң!..;Нәмәртлик!..; Қораз бенен ийттиң хызмети!..; Өш алыў: [қосықлар] – Еркин Қарақалпақстан- 1995.- 20 май.

1996

23. Атып өлтирилди соңғы Жолбарыс; Ушыўды үйрениў керек Бүркиттен!;Халқым,мен сизлерге ‘стан”әпердим!: [А. Досназаровқа] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996.-8 авг.

1997

24. Дүнья ҳақ гәде намақул сөйлейди: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 1997. – 10 апр.

25. Мириўбет күнине көз айдын: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. -1997. – 21 март.

1998

26. Ашылсын !; Сапарбай !; Дүньяда сатылмас нәрсе аз екен!.; Дәрдиңнен: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 1998.-1 янв.

27. Қарақалпақта көп жақсылар бар еди…; Жийдели Байсынға хат;Тәселле; (Өз жанларына өзлери қаслық етиўшилерге); Әўелин сора ма, ақырын сораң!; Қарақалпаққа кимлер келип кетпеген?;Жолбарыслар жасаған жерде ; Қалтаман :[қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 1998. – 1 авг.

1999

28. Улығлаў: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. – 6 март.

29. Халықтан бөлек кетип ҳеш ким мәрт болмас;Тек бир рет;Аўырлық;Гүлпаршын;Қаш, қаш, қаш;Ата анадай кеширимшил халық болмас;Тәсир етпей атыр;Тунғыш мухаббат;Өзимнен басқаға өкпе –гийнем жоқ ; [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. – 30 окт.

2000

30. Уллы Зибан: [поэзия] // Еркин Қарақалпақстан . - 2000.- 30 нояб.

31. Шөлиркеў азабын жеңген дарақлар: [поэзия] // Еркин Қарақалпақстан. - 2000. – 12 сент.

2001

32. Дүньяның мәңгилик қосығы: [ана ҳаққында қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 2001.-8 март.

33. Қутлы болсын хош жигитлик жетписиң!; [қосық] “Қарақалпақстан жаслары” 70-жыл: // Қарақалпақстан жаслары.-2001.-13 февр.

2002

34. Жанымды халқыма сөз етип шаштым: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. – 2002.-14 сент.

35. Уллылар уллысы – устаз, муғаллим: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. – 2002.-1окт.

2003

36. “Қарақалпаққа уллылық қайтты”,”Шаңырақ”,”Анажан”,Мухаббат қайтагор, муҳаббат қайт-қайт!?: [қосықлар] //Қарақалпақстан жаслары.-2003.-11сент.

37. Мунажжимлер, Ўатан тәшўиши, Балықлар, Аңшылар, Менде бир әрман бар анамнан мийрас: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. – 2003.-1 апр.

38. Теңиз туўралы толғаў:[Арал машқаласы –елдиң машқаласы конкурсы] //Қарақалпақстан жаслары.-2003.-27 нояб.

39. “ Умытқаным жоқ”, “Мен мың жыл жасайман”, ‘Әкемниң аяғы ушына барып…’’, ”Өмир уллы кәрўан екен’’, «Жаман аўыл»”-дейди, жаман қаяғы? : [қосықлар] //Қарақалпақстан жаслары.-2003.-3 нояб.

## 2004

40. Ана Ўатан алғыс жәриялар сизге!: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2004.-4 дек.

41. Ўатан тәрийпи: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2004.-31авг .

42. “Уллы дала”, “Сизден мийрас болып жақсылық қалсын”, “Мени қарақалпақ жерине көмиң!” “Халқына мин тағыўшыларға”, ‘Көзи ашық, тик турып уйықлайды атлар’: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2004.-2 март.

## 2005

43. Жақсыдан даңқлы ат қалды.( әжайып ел перзенти Пиржан Халмуратовты еслеп ): [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2005.-11авг .

44. Көзлери кийиктиң көзине мегзер:[қосық намасы Н. Қәллибековтики]// Мәденият ҳәм спорт.-2005.-№27-28.-8 дек.

45. Қарақалпақ!...-дегенде!?..публистика: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2005.-9 апр.

2007

46. Аўыл әрманлары: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2007.-13 март.

2008

47. Қарақалпақ топырағы: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2008.-3сент.

48. Мен көп улығладым «Ийшан қаланы»: [қосықлар]// Еркин Қарақалпақстан. - 2008. – 15 июль.

49. Саратанның суўық хабары: [қосық И. Юсупов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2008.-21 авг.

2009

50. Жаным жаманлықтан бираз тазарды: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. – 2009.-10 янв .

51. Қаўын сейили: [қосық] //Устаз жолы.-2009.-№37.-12 сент.

52. “Сизге”:[ қосық И. Юсуповтың естелигине]// Еркин Қарақалпақстан. - 2009. – 12 май.

2010

53. Жаратылысқа жүгиниў: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2010.-27май.

54. “Сабақ даўам етер әдебияттан”(Ә. Шамуратов ҳаққында): “Қарабайлы”, “Сөз кистлери салған сүўретлери”: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. – 2010.-7 авг .

2011

55. Ашық болып жасасаң: Қосықлар ҳәм поэмалар,- Нөкис: «Билим», 2011.- 520 б.

56. Сөз ықлымы, “Мүрәжатнама”, “Ана тилим!”, “Китапларға қайтыў…”, “Жасаў…”: [эпифаниялар] // Әмиўдәрья.-2011.-№ 6.- Б. 8-15.

2015

57. Ақ тереклер: [қосық] // Қарақалпақ әдебияты. - 2015.-июль.

58. Заманласлар ямаса концерттен соңғы ойлар, пикирлер // Еркин Қарақалпақстан. - 2015.-18июнь.

59. Ең уллы сөз-тынышлық !...: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2015.- 6 дек.

60. Қандай жақсы сениң барың...: қосық: "Неъматулла", "Қобызға", "Мухаббат", "Аўыл сағынышы", "Қоллаўшыларыма"/ Х. Дәўлетназаров // Қарақалпақ әдебияты. -2015.- июль.

61. Қаўын писик: поэзия "Шыныбай бригад қаўын тиледи", "Сораң!" // Қарақалпақстан жаслары. - 2015.-1окт.

62. Ўатан ушын, Ўатан ушын!: [қосық] // Ustaz joli'. - 2015.-5 сент.

2016

63. Бабалардан мийрас туйғылар: [Мақтаныш] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-25 авг.

64. Батырлык баязы: [қосық] // Әмиўдәрья. - 2016.-№4. - Б. 65-74.

65. Батырлық баязы (үзинди): [қосык] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-12 апр.

66. Биз де куйип-жанып болғанбыз ашық...: [қосықлар] "Туўған жер", "Қойын", "Өмиримде олқылық көп", "Эх суйрик сезимлер...", "Уйленетуғын жигитлер", "Мен аратор емеспен...", "Жаратылыс" // Қарақалпақстан жаслары. - 2016.-16 июнь.

67. Жақсылық жағыслары: [Өзбекистан Республикасы ғәрезсизлигиниң 25 жыллығына] // Әмиўдәрья. - 2016.-№ 6.

68. Жер Ўатанның тәни, халық - оның жаны: [қосықлар]: "Ўатан", "Тоқтам", "Тил", "Поезд өз ўактынан келер кешигип", "Ташкент, Тойтөбе. Абдулла Шерге" // Қарақалпақ әдебияты. - 2016.-авг.

69. Мешин жылы шақырығы: қосық // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-1 янв.

2017

70. Сөз дақылын еккен дийқанбыз мисли: [қосықлар] Ўатан; Сенде болдым... менде болдым; Қәне сөйлесейик еркекшесине!; Рийзашылық; Қәдирлеў; Қыз перзентли ата-ананың; Жан деп, менде жан қалдыма?; Туўылыўды қәлеймен қайттан...; Көркин берме // Қарақалпақ әдебияты. - 2017. - апр.

## *Халийла Дәўлетназаровтың шығармалары өзбек тилинде*

1989

71. Овул тонги: [шъерлар] // Шарқ Юлдузи.-1989.-№5.-Б.41.

1991

72. Юрагимга; Забон, сен йуқмисан?: [қушик] / Қорақалпоқ тилидан Музаффар Ахмад өзбек тилига таржима қилган // Ёшлик. - 1991. - № 8.

2005

73. Йиқилмайдиган одам: // Ўзбек адабиёт ва санъати. - 2005.- № 5.- 28 янв.

2016

74. Аёл каромати: [ҳикоя] // Қарақалпақ әдебияты. - 2016.- янв.

## *Халийла Дәўлетназаровтың ҳәм шығармалары ҳаққында*

1992

75. Оразымбетов Қ. Тарийх дәртинен пайда болған қосық : [Шайыр Х. Дәўлетназаров ҳаққында ] // Еркин Қарақалпақстан .-1992.-25 апр.

1993

76. Тилеўова Н. Ашық болмаған ким бар? [Яки шайыр Х. Дәўлетназаровтың творчестволық жолына шолыў] // Қарақалпақстан жаслары.-1993.-23 сент.

1995

77. Рсымбетов Ж.Айралық қосығы: [Халийла Дәўлетназаровтың”Әлўидағ муҳаббат,әлиўидағ “…Хош қал жаслығым ! атлы китабы ҳаққында] //Қарақалпақстан жаслары.-1995.-6 апр.

1996

78. Әжимов Я. Өз жолы бар..:[Халийла Дәўлетназаровтың шығармалары ҳаққында Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлыққа усынылған шығармаларды додалаймыз] //Нөкис ҳақыйқаты.-1996.-15 окт.

79. Жәримбетов Қ. Елим деп, журтым деп жанып жырлаған шайыр: [Халила Дәўлетназаровтың шығармалары ҳаққында Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлыққа усынылған шығармаларды додалаймыз] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. – 10 сент.

80. Қалбаева З.Мухаббатты жырлай бер аға: [Шайыр Х. Дәўлетназаров ҳаққында ] //Қарақалпақстан жаслары.-1996.-28 нояб.

81. Муртазаев А. Мухаббатсыз дәрт дәрт емес: Х.Дәўлетназаровтың “Дос болыў,ҳәмменің қолынан келмес”,”Хош қал жаслығым“ ҳәм “Ашық болмаған ким бар”: [китаплары ҳаққында Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлыққа усынылған шығармаларды додалаймыз] //Қарақалпақстан жаслары.-1996.-5 сент.

1998

82. Қарызларым көп дүнья..: Кәсиплеслер сәўбети: Ашылысыў: [Белгили публицист Қарақалпақстанға мийнети синген журналист Атажан Халмуратов пенен Өзбекистанға мийнети синген журналист, талантлы шайыр Халийла Дәўлетназаровтың гүрриңи] // Еркин Қарақалпақстан. - 1998. – 30 янв.

2000

83. Дәўлетова Г. Қылышы-туўры сөз,қалқаны ҳақлық: [Поэзия дөретиўшиси Х. Дәўлетназаров ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2000. – 14 окт.

2002

84. Сапарова Д. Қара сөз бенен берилген жүрек дәртлери: //Устаз.-2002.-16 май.

2005

85. Гайлиева О.[Х. Дәўлетназаровтың дөретиўшилигинде насырый қосықлар ] //Әмиўдәрья. -2005.-№1.-Б.95.

2009

**86**. Баўетдинов С. Өз соқпағын жаңаша гүзарға айландырған талант ийеси: // Еркин Қарақалпақстан. - 2009. – 2 июль.

**87.** Кемалов А. Шайыр лирикасының көркемлиги: //Устаз жолы. - 2009. - 5 нояб.

2011

**88**. Алламбергенов К.Дәўир менен дәртлескен шайыр: //Әмиўдәрья.-№3.-2011.- Б.81-86 .

2014

**89.** Сейдамбетов И. Шайыр, қыссахан ҳәм журналист: [Халийла Дәўлетназаров ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2014.-26 июнь.

90. «Шайыр, қыссахан ҳәм журналист»:[ газетамыздың бурынғы хызметкери Х. Дәўлетназаров ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары.-2014.-26 июнь.

2015

91. Нуржанов П.Ҳақыйқатшыл шайырдың лирикасы ҳаққында: [Шайыр Х.Дәўлетназаровтың лирикасы ҳаққында] // Әмиўдәрья. - 2015. - №2.-Б.121-125.

2017

92. Смамутова, Ш. Х. Дәўлетназаров лирикасының тили ҳәм көркемлик өзгешеликлери // Қарақалпақстан жаслары. - 2017. - 3 авг.

**Дүзиўши:**

**Үлке таныў сектор баслығы:** **Ж. Тлеўбаева**